



Early Steps (Etap Bonè) Rezime sou Dwa Fanmi yo

Patenarya ant fanmi yo ak Early Steps se yon eleman prensipal nan sistèm Early Steps la. Kominikasyon kontinyèl ant ou menm ak Early Steps enpòtan pou enkyetid ak priyorite w yo adrese. Si w gen enkyetid yo sou Early Steps, ou dwe diskite yo avèk kowòdinatè sèvis ou ak ekip Individualized Family Support Plan, (IFSP) w. Ekip IFSP bezwen epi vle tandè nenpòt ak tout pwoblèm yo ke w gen dwa genyen. Epi ou gen dwa dapre pwoteksyon règlemantè ak dwa yo nan Early Steps, ki nan kad rezime sa a, konstitye Part C nan Individuals with Disabilities Education Act (IDEA) ak règleman li yo. Dwa ou yo rezime nan dokiman sa a. Pou plis enfòmasyon detaye sou politik ak dwa yo ke w genyen nan Early Steps, ou gen dwa vizite for http://www.cms-kids/home/resources/es_policy/es_policy.html oswa rele (800) 218-0001.

Rezime sa a enkli enfòmasyon konsènan:

- *DOSYE / KONFIDANSYALITE AK DIVILGASYON ENFÒMASYON*
- *AVI ALEKRI ALAVANS AK LANGAJ NATIF*
- *KONSANTMAN PARAN*
- *PARAN SIPLEYAN YO*
- *MEDYASYON*
- *PWOSEDI YO POU PLENT*
- *ODYANS SAN PATIPRI*

DOSYE YO

Ou, ak yon reprezantan, gen dwa revwa enfòmasyon nan dosye Early Steps ou ki gen rapò avèk evalyasyon / egzamen, depistaj detèminasyon elijiblite yo, devlopman ak aplikasyon nan Plan Sipò Fanmi Endividyalize (Individualized Family Support Plan, IFSP), pwovizyon nan sèvis entèvansyon bonè yo, plent endividyèl yo ki gen rapò avèk pitit ou, epi nenpòt lòt dosye yo ki gen rapò avèk pitit ou ak fanmi w, sof si w pa gen otorizasyon an pouf è li. Ou gen dwa revwa enfòmasyon sa a anvan reyinyon oswa odyans san patipri Plan Sipò Fanmi Endividyalize (IFSP) w, epi li pral founi pa plis pase 10 jou apre w fè demann an. Si dosye Early Steps la enkli enfòmasyon sou plis ke yon sèl timoun, ou gen dwa sèlman revwa enfòmasyon an ki gen rapò avèk pitit ou sèlman oswa pral enfòmasyon espesifik sa a. Early Steps gen dwa chaje yon frè pou kopi dosye yo, men sèlman si sa a pa evite w enspekte ak revwa dosye a. Sa a pa enkli yon kopi nan chak evalyasyon, egzamen, ak IFSP, kòm sa yo founi pi vit ke posib apre chak reyinyon IFP pou gratis. Early Steps pa gen dwa chaje yon frè pou fè rechèch pou oswa kolekte enfòmasyon. Early Steps pral reponn demann rezonab yo pou eksplikasyon ak entèpretasyon yo nan dosye pitit ou. Ou den dwa mande Early Steps pou founi kopi dosye yo si echèk pou founi kopi yo ta kapab evite w nan sèvi avèk dwa w pou enspekte an revwa dosye.

Early Steps kenbe yon dosye sou moun yo kif è demann oswa resevwa aksè nan dosye yo ke yo kolekte, kenbe, oswa itilize, sof aksè pa w ak reprezantan otorize Early Steps yo. Dosye a ke yo konsève enkli non, dat, ak rezon an poukisa pati a te otorize pou sèvi avèk dosye a. Early Steps pral kenbe enfòmasyon sa a avèk dosye w yo pandan tout tan ke yo konsève li. Early Steps pral asire ke w resevwa yon lis, sou demann, sou kalite dosye Early Steps yo ki konsève sou pitit ou, kote yo kenbe, epi kouman pou w jwenn aksè bay yo.

Si santi ke okenn deklarasyon nan dosye a pa kòrèk oswa twonpe, oswa vyole konfidansyalite oswa lòt dwa pitit ou, ou gen dwa prezante yon demann alekri pou Early Steps oswa founisè sèvis la pou chanje li. Early Steps oswa founisè sèvis la pral swa chanje deklarasyon an (yo) nan yon peryòd tan rezonab oswa refize fè li fòmèlman. Si Early Steps oswa founisè sèvis la refize fè li, ou pral enfòmasyon alekri sou refi sa a, pral founi enfòmasyon sou dwa w pou disipit desizyon an pou refize chanje dosye a, epi pral enfòmasyon sou dwa w pou yon odyans san patipri. Early Steps pral founi yon opòtinite pou yon odyans san patipri, sou demann, si w defi enfòmasyon nan dosye a pou asire ke li pa enkòrèk, twonpe, oswa vyole vi prive oswa dwa pitit ou. Pwoteksyon yo nan Lwa Dwa sou Edikasyon ak Vi Prive Fanmi (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA) konsènan enfòmasyon ki pèsonel idantifyab aplike ba w, ki enkli pwosedi yo dapre FERPA pou fè yon odyans pou defi enfòmasyon nan dosye pitit ou. Si yon odyans san patipri vin rive epi li detèmine ke enfòmasyon nan dosye a se enkòrèk, twonpe oswa vyole vi prive oswa dwa pitit ou, dosye a pral chanje kòm sadwa epi ou pral resevwa avi alekri. Si yon odyans san patipri vin rive epi li detèmine ke enfòmasyon nan dosye a pa enkòrèk, pa twonpe, oswa pa vyole vi prive ak dwa pitit ou, ou pral enfòmasyon sou dwa w pou fè yon deklarasyon nan dosye a k ap fè kòmantè sou enfòmasyon an oswa rezon yo poukisa w pa dakò avèk desizyon an. Enfòmasyon sa a pral konsève nan dosye Early Steps la. Si dosye Early Steps ou oswa seksyon an kote ki gen dezakò a divige bay okenn lòt pati, deklarasyon an ke w te founi dwe founi bay pati a tou.

Early Steps pral asire konfidansyalite sou enfòmasyon pèsonel idantifyab, done ak dosye yo ki kolekte, itilize oswa konsève, ki enkli dwa w pou avi alekri alavans ak konsantman paran alekri pou echanj la pami ajans yo sou enfòmasyon pèsonel idantifyab. Early Steps pral konsève yon dosye sou nenpòt moun ki fè demann pou oswa resevwa dosye Early Steps ou. Enfòmasyon pèsonel idantifyab enkli non pitit ou, adrès ou oswa lòt manm fanmi yo, adrès, nimewo sekirite sosyal oswa lòt idantifyan pèsonel yo, ak lòt enfòmasyon ki kapab fè li posib pou idantifye pitit ou. Early Steps konsève enfòmasyon sa a sou timoun yo ki rekòmande epi sa yo ki resevwa oswa te resevwa sèvis yo. Sa a enkli enfòmasyon ki gen rapò avèk depistaj, evalyasyon oswa egzamen, elijiblite, Plan Sipò Fanmi Endividyalize (IFSP), ak sèvis yo. Epitou Early Steps pral kolekte enfòmasyon ki soti nan endividyèl ak ajans yo ki gen enfòmasyon sou pitit ou ak sa yo k ap founi sèvis bay pitit ou. Enfòmasyon sa a pral itilize pou detèmine elijiblite ak fè desizyon yo sou sèvis yo pou pitit ou. Early Steps responsab pou pwoteje enfòmasyon idantifyab pèsonel ou epi fòmasyon sou responsablite sa yo. Enfòmasyon idantifyab pèsonel ou pral pwoteje pou aisre konfidansyalite sou enfòmasyon ou lè li kolekte, konsève, divige, itilize, ak detwi. Early Steps pral enfòmasyon w lè yon pa bezwen enfòmasyon idantifyab pèsonel ou ankò pou founi sèvis yo bay pitit ou. Enfòmasyon sa a dwe detwi lè w

mande; sepandan, yon dosye pèmanan sou nou ak dat nesans pitit ou, enfòmasyon sou kontak paran, non sèvis kowòdinatè ak founisè (yo), ak dat egzeyat (ane ak laj sou egzeyat, ak okenn pwogram enskri yo) gen dwa konsève san limitasyon. Lè pitit ou ak fanmi w pa resevwa sèvis yo ankò, Early Steps pral konsève dosye Early Steps pitit ou pou yon minimòm sis an depi dat pitit ou te fini avèk Early Steps. Ou gen dwa resevwa non ak tit yo sou nenpòt moun ki gen dwa jwenn aksè nan enfòmasyon idantifyab pèsònèl ou.

AVI ALEKRI ALAVANS ak LANGAJ NATIF

Ou dwe resevwa avi alekri alavans nan yon tan rezonab anvan Early Steps oswa founisè sèvis la pwopoze pou kòmanse oswa chanje, oswa refize pou kòmanse oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon, oswa plasman pitit ou, oswa pwovizyon an nan sèvis entèvansyon bonè yo pou pitit ou ak fanmi w. Avi a pral ede prepare plis epi pral deklare enfòmasyon ki enkli:

- aksyon an k ap pwopoze oswa refi;
- rezon yo dèyè aksyon an;
- tout pwoteksyon règlemanè yo ki disponib dapre Early Steps; ak
- pwosedi ak kalandriye Early Steps pou plent yo.

Early Steps vle w konprann pou w kapab yon manm ekip enfòm ak fè desizyon enfòm yo. Avi alekri alavans, evalyasyon / egzamen, ak IFSP yo dwe ekri nan langaj konpreyansib epi founi nan langa natif ou, sof si li klèman pa posib pou fè sa a. Langaj natif vle di lang la oswa mòd komunikasyon an ou sèvi avèk. Si lang oswa mòd komunikasyon natif ou pa yon lang alekri, Early Steps pral pran etap yo pou asire ke avi a tradwi aloral oswa pa yon lòt fason nan lang natif oswa lòt mòd komunikasyon ou, ou konprann avi a, epi gen prèy alekri ke kondisyon sa yo te satisfè. Si w soud, avèk, oswa pa gen lang alekri, Early Steps pral sèvi avèk fason kijan ou kominike.

KONSANTMAN PARAN

Early Steps bezwen pèmision ou pou pran aksyon yo ki afekte pitit ou. Ou pral mande pou bay konsantman alekri w anvan Early Steps kondwi yo depistaj, evalyasyon / egzamen, divilgasyon nan enfòmasyon idantifyab pèsònèl, oswa anvan sèvis entèvansyon bonè yo founi. Konsantman vle di ke w enfòm konplètman, nan lang natif oswa lòt mòd komunikasyon ou, sou tout enfòmasyon ki gen rapò avèk aktivite a pou ki Early Steps ap mande konsantman ou, ke w konprann epi dakò alekri pou enpleman aktivite a kote konsantman ou nesè, epi konsantman an dekri aktivite a epi site dosye yo (si okenn) ki pral divilge epi bay ki moun, epi w konprann ke bay konsantman ou se volontè epi kapab revoke nenpòt kilè. Si w pa bay konsantman, pou evalyasyon ak egzamen an oswa sèvis yo, Early Steps pral fè efò rezonab yo pou asire ke w konplètman konprann nati evalyasyon / egzamen an oswa sèvis yo ki ta kapab disponib epi konprann ke pitit ou p ap pral kapab resevwa evalyasyon ak egzamen an oswa sèvis yo sof si konsantman resevwa. Ou gen dwa revoke konsantman pou pitit ou nenpòt kilè, sepandan ou pa kapab revoke konsantman pou aksyon ki te deja fèt. Ou gen dwa detèmine si ou pral aksepte oswa refize nenpòt sèvis Early Steps epi gen dwa refize yon sèvis apre w te premyèman aksepte li, san li gen okenn efè sou lòt sèvis yo.

Early Steps dwe founi avi alekri ak resevwa konsantman alekri ki soti nan men ou defason pou resevwa, divilge oswa echanj enfòmasyon idantifyab pèsònèl ki gen rapò avèk pitit ou ak fanmi w sof nan sèten sikonstans yo. Epitou sa a enkli pataje nan enfòmasyon idantifyab pèsònèl vèbal. Si pa bay Early Steps konsantman pou divilge enfòmasyon idantifyab pèsònèl ou, enfòmasyon ou p ap pral divilge.

Early Steps pa kapab sèvi avèk pwosedi odyans san patipri yo pou defi yon paran ki refize founi konsantman.

PARAN SIPLEYAN YO

Early Steps pral asire ke dwa timoun elijib yo pwoteje si okenn paran pa kapab idantifye, lokasyon paran an (yo) pa kapab dekouvri apre efò rezonab yo, oswa pitit ou se yon pwoteje leta a. Sa a fèt nan asiyasyon yon paran sipleyan. Si yon paran sipleyan asiye, yo gen dwa reprezante pitit ou pandan evalyasyon ak egzamen an, devlopman ak egzekisyon Plan Sipò Fanmi Endividyalize (IFSP) a, livrezon nan sèvis kontinyèl pou pitit ou, ak lòt dwa dapre Early Steps. Early Steps gen pwosedi yo nan plas pou detèmine si yon timoun bezwen yon paran sipleyan, epi asiyasyon ak seleksyon yon paran sipleyan. Tout dwa nan dokiman sa a aplike bay paran sipleyan yo. Si yon timoun se pwoteje leta a, yon paran sipleyan gen dwa nonmen pa yon jij k ap sipèvize ka tibebe oswa timoun piti a si paran sipleyan an satisfè kondisyon federal ak leta yo.

MEDYASYON

Medyasyon se yon opsyon enfòmèl ki rezoud dezakò yo konsènan nenpòt zafè ki gen rapò avèk patisipasyon ou nan Early Steps. Medyasyon se volonte sou bò tout pati yo ki oblije siyen fòm demann an. Nan medyasyon, yon medyatè fomè san patipri, ki kalifye ak enfòmè sou lwa ak règleman yo ki gen rapò avèk Early Steps, ede pati yo pou rive nan yon akò ki mityèlman satisfè. Medyasyon se gratis pou w epi pa entèfere avèk dwa w pou yon odyans san patipri oswa okenn lòt dwa dapre Early Steps. Diskisyon medyasyon yo se konfidansyèl epi p ap pral itilize nan yon odyans san patipri oswa pwosedi sivil k ap pase apre. Medyasyon pral programe nan yon fason rezonab, nan lespas 21 jou kalandriye depi resi nan demann siyen an pa toude pati yo, epi pral konsève nan yon lokasyon ki pratik pou tout pati yo. Nenpòt akò yo ki fèt nan Medyasyon pral ekri epi siyen pa tout pati yo.

PWOSEDI YO POU PLENT

Ou gen dwa prezante yon plent ki deklare ke Early Steps, oswa yon founisè sèvis, te vyole yon kondisyon Early Steps. Plent yo dwe ekri epi siyen epi enkli tout enfòmasyon annapre yo:

- yon deklarasyon ke Early Steps oswa founisè sèvis la te vyole dwa w;
- fè debaz yo nan plent la;
- siyati w ak enfòmasyon kontak ou;
- non pitit ou ak adrès kote li rete;
- non founisè a k ap sèvi pitit ou;
- yon dekri sou nati pwoblèm timoun an, ki enkli fè yo ki gen rapò avèk pwoblèm la;
- yon rezolisyon pwopoze sou pwoblèm la nan mezi li konnen epi disponib ba w lè plent la prezante; ak
- yon akizasyon nan yon vyolans ki te pase nan lespas ennan anvan dat la ke plent la resevwa.

Plent yo dwe voye pa lapòs bay Florida Department of Health, Children's Medical Services, Early Steps State Office nan:

IDEA, Part C Coordinator
Department of Health
Children's Medical Services
Early Steps State Office
4052 Bald Cypress Way, BIN# A06
Tallahassee, FL 32399-1707

Lè yon plent fin resevwa, Biwo Leta Early Steps la pral fè yon ankèt endepandan sou plent la. Ou pral gen opòtinite a pou soumèt dokiman adisyonèl yo, swa aloral oswa alekri, sou akizasyon yo. Biwo Leta Early Steps la pral revwa tout enfòmasyon enpòtan epi fè yon detèminasyon endepandan sou si yon dwa w te vyole. Yon desizyon alekri pral emèt (nan lespas 60 jou depi resi plent la, sof si sikonstans eksepsyonèl yo egziste) ki enkli desizyon sou sa ki fèt la, konklizyon yo ak rezon yo pou desizyon final la. Desizyon alekri a kapab enkli aktivite asistans teknik, negosyasyon, ak aksyon korektif yo pou akonpli konfòmite, si vyolasyon yo te rive. Si ankèt la decide yon echèk pou founi sèvis apwopriye yo, Biwo Leta Early Steps la pral adrese kouman pou korije pwoblèm la, defason apwopriye, ki enkli akòde ranbousman monetè oswa lòt aksyon korektif yo pou satisfè bezwen pitit ou ak fanmi w, ak sèvis alavni apwopriye yo pou tout tibebe ak timoun pitit yo ki andikape, ak fanmi yo.

Medyasyon pral ofri lè yon plent resevwa. Si yon plent alekri resevwa ki osi sijè yon odyans san patipri, Early Steps pral mete sou kote nenpòt pati plent la k ap adrese nan odyans san patipri a jiskaske konklizyon odyans la. Sepandan, nenpòt pwoblèm nan plent la kip a yon pati aksyon san patipri a dwe rezoud nan lespas kalandriye plent la. Si yon pwoblèm mansyone nan yon plent ki te rezoud deja nan yon odyans san patipri ki enplike men pati yo, Early Steps pral enfòme w ke desizyon tribinal la se obligatwa.

Yon plent ki akize echèk pou enplemanste yon desizyon odyans san patipri dwe rezoud pa Biwo Leta Early Steps la.

ODYANS SAN PATIPRI

Ou den dwa pou fè demann pou yon odyans san patipri lè gen yon dezakò konsènan pwopozisyon an pou kòmanse oswa chanje, oswa refi pou kòmanse oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon oswa plasman pitit ou an, pwovizyon nan sèvis entèvansyon bonè apwopriye yo bay pitit ou ak fanmi w, oswa pou defi enfòmasyon nan dosye Early Steps la pou asire ke sa a pa enkòrèk, twonpe, oswa otreman vyole vi prive ak lòt dwa pitit ou.

Yon demann pou odyans san patipri dwe prezante bay Florida Department of Health, Children's Medical Services, Biwo Leta Early Steps (Early Steps State Office) nan:

IDEA, Part C Coordinator
Florida Department of Health
Children's Medical Services
Early Steps State Office
4052 Bald Cypress Way, BIN # A06
Tallahassee, FL 32399-1707

Pati a k ap soumèt demann pou odyans san patipri a, oswa avoka yo, dwe asire ke lòt pati a resevwa yon kopi demann pou odyans la, ki dwe rete konfidansyèl. Yon demann pou odyans san patipri dwe enkli annapre yo:

- non pitit ou;
- adrès kote pitit ou rete;
- non founisè sèvis entèvansyon bonè a k ap sèvi pitit ou;
- yon dekri sou nati pwoblèm pitit ou a ki gen rapò avèk inisyasyon oswa chanjman pwopoze oswa refi a, ki enkli fè yo ki gen rapò avèk pwoblèm la;
- yon rezolisyon pwopoze sou pwoblèm la nan mezi li konnen epi disponib ba w lè sa a; ak
- Yon akizasyon ke aksyon debaz nan plent san patipri a te rive nan lespas 2 an depi dat ou, Early Steps oswa founisè a te konnen (oswa te dwe konnen) enfòmasyon sou aksyon swadizan an.

Nan lespas 10 jou depi resi demann an pou yon odyans san patipri, ou pral resevwa yon repons alekri k ap adrese chak pwoblèm ou te masyone nan demann ou pou odyans san patipri. Si w pa t resevwa avi alekri alavans konsènan pwoblèm sa yo ki adrese nan demann ou pou odyans san patipri, lè sa a respons la pral tou enkli annapre yo:

- yon eksplikasyon sou poukisa Early Steps te pwopoze oswa refi pran aksyon ki te masyone nan demann an pou odyans san patipri;
- yon dekri sou lòt opsyon yo ke ekip IFSP la te konsidere ak rezon yo poukisa opsyon sa yo te rejte;
- yon dekri sou chak pwosedi evalyasyon, egzamen, dosye, oswa rapò ki itilize kòm labaz pou aksyon pwopoze oswa refi yo; ak
- yon dekri sou lòt faktè yo ki gen rapò avèk aksyon pwopoze oswa refi a.

Ou pral resevwa avi nan lespas 15 jou depi resi si Biwo Leta Early Steps detèmine ke demann ou pou odyans san patipri pa sifizan. Yon ofisye odyans la pral revwa detèminasyon sou ensifizans sa a epi pral fè pati yo konnen si ou pa li satisfè kondisyon odyans yo nan lespas 5 jou depi avi a.

Medyasyon pral ofri lè yon demann pou odyans san patipri resevwa epi w pral resevwa enfòmasyon sou sèvis legal oswa defans enpòtan ki gratis oswa pri redwi ki disponib. Biwo Leta Early Steps la pral fè yon reyinyon rezolisyon nan lespas 15 jou depi resi demann an pou odyans san patipri avèk paran an (yo) ak manm ekip IFSP asosye yo, defason toude pati yo dakò. Objektif nan reyinyon rezolisyon sa a se pou pèmèt Biwo Leta Early Steps la opòtinite a pou rezoud pwoblèm yo nan demann an pou odyans san patipri. Biwo Leta Early Steps la pa gen dwa vini avèk yon avoka sof si w vini avèk yon avoka. Si w prezante yon demann pou odyans san patipri epi pa patisipe nan reyinyon rezolisyon an apre efò rezonab yo pa Biwo Leta Early Steps la, demann ou pou odyans san patipri gen dwa ranvwaye. Si Biwo Leta Early Steps la pa fè oswa patisipe nan reyinyon rezolisyon an nan lespas 15 jou depi resi demann odyans la, ou gen dwa mande ofisye odyans la pou kòmanse yon 45 jou kalandriye san patipri. Kalandriye 45 jou pou odyans san patipri a kòmanse apre:

- toude pati yo dakò alekri pou renonse reyinyon rezolisyon an oswa chèche medyasyon;
- apre reyinyon rezolisyon an oswa medyasyon kòmanse, men anvan peryòd 30 jou a fini epi pati yo dakò alekri ke pa gen okenn akò ki posib; oswa
- toude pati yo dakò alekri pou kontinye pwosesis rezolisyon oswa medyasyon an lè peryòd 30 jou a fini men egzeyate pi ta.

Si yon rezolisyon nan dispit la rive nan reyinyon rezolisyon an, yon akò alekri ki legalman obligatwa ap siyen pa toude pati yo epi aplikab nan tribinal federal oswa leta a. Nenpòt pati gen dwa anile akò a nan lespas 3 jou ouvrap yo depi ekzekisyon. Biwo Leta Early Steps yo gen dwa sèvi avèk metòd yo pou ranfòse yon akò alekri ki rezilta nan yon medyasyon oswa reyinyon rezolisyon tout tan ke mekanism yo pa

obligatwa oswa pa reta oswa refi paran yo dwa pou chèche ranfòsman nan akò alekri nan tribinal federal oswa leta a.

Yon pati gen dwa amande yon demann pou odyans san patipri si nenpòt nan pati yo bay konsantman alekri nan amannman an epi resevwa opòtinite a pou rezoud pwoblem yo nan demann an pou odyans san patipri atravè yon reyinyon rezolisyon oswa ofisye odyans la bay pèmasyon pa plis pase senk jou anvan odyans san patipri a pwograme. Si yon pati prezante yon demann amande pou odyans san patipri, kalandriye 30 jou a pou reyinyon rezolisyon an kòmanse ankò lè demann amande a pou odyans san patipri a prezante.

Yon odyans san patipri fèt pa yon moun ki san patipri kip a yon travayè Early Steps, oswa nenpòt lòt antite ki enplike nan sèvis yo oswa swen pou pitit ou, malgre si se Early Steps ki peye pou sèvis yo. Yo pa gen enterè pèsonèl oswa pwofesyonèl ki ta kapab konfli avèk kapasite yo pou rete san patipri epi enpleman pwosesis la. Ofisye odyans la pral konnen enfòmasyon sou Early Steps, ki enkli Part C nan Lwa Edikasyon sou Endividyèl Andikape yo (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA) règleman aplikab federal ak leta yo, ak entèpretasyon legal yo pa tribinal federal ak leta yo. Ofisye sa a pral tande tout opinyon yo ki gen rapò avèk pwoblem la, egzamine tout enfòmasyon ke gen rapò avèk pwoblem yo, chèche yon rezolisyon ki gen rapò avèk pwoblem la nan yon peryòd tan pratik epi fè desizyon debaz solid yo. Li pral fèt pandan yon lè ak nan yon kote ki pratik pou w epi w pral notifiye sou dat, lè, ak lokasyon odyans la nan yon peryòd tan rezonab alavans. Yon odyans pral fèt epi yon desizyon alekri pral voye ba w nan lespas 45 jou depi demann odyans la. Desizyon alekri a pral baze sou prèv la epi pral enkli yon rezime sou prèv la ak rezon yo pou desizyon an.

Pandan odyans san patipri a, ou gen dwa:

- vini avèk epi resevwa konsèy nan men avoka ak endividyèl yo avèk konesans oswa fòmasyon espesyal sou Early Steps, kote w ap responsab pou depans asosye yo;
- prezante prèv epi poze kesyon yo, egzaminen, epi egzije prezans temwen yo;
- pa pèmèt prèv pi pa t divilge ba w omwen senk jou anvan odyans la;
- resevwa yon kopi alekri oswa elektwonik (ki baze sou preferans ou) avèk mo egzak yo sou odyans la gratis;
- resevwa yon kopi alekri oswa elektwonik (ki baze sou preferans ou) sou konklizyon ak desizyon odyans la yo gratis;
- fè demann pou odyans li rete ouvri pou piblik la (li pral fèmen sof si pati yo fè demann pou pòt yo rete ouvè).

Pati enplike yo nan odyans san patipri a dwe divilge tout evalyasyon ak rekòmandasyon yo omwen 5 jou ouvab anvan pwosede a. Ofisye odyans la gen dwa refize nenpòt pati aksè ki echwe pou konfòme san konsantman lòt pati a. Pati a k ap fè demann an pou odyans san patipri a pa gen dwa mansyone pwoblem yo nan odyans san patipri a ki p at mansyone nan plent san patipri a sof si lòt pati a dakò.

Nan zafè yo ki akize yon vyolasyon pwosedi, ofisye odyans la gen dwa konkli ke pitit ou pa t idantifye, evalye, asiyen oswa founi sèvis entèvansyon bonè defason apwopriye yo sof si:

- Anpeche dwa idantifikasyon, evalyasyon ak, asiyasyon oswa pwovizyon pitit ou ak fanmi w nan resevwa sèvis entèvansyon bonè yo.
- Anpeche anpil opòtinite w pou patisipe nan pwosesis fè desizyon konsènan idantifikasyon, evalyasyon, asiyasyon oswa pwovizyon nan sèvis entèvansyon bonè yo pou pitit ou ak fanmi w; oswa
- Lakòz yon privasyon nan benefis devlopmanal.

Sof si w ak Early Steps dakò, Early Steps pral kontinye founi sèvis entèvansyon bonè yo kote w ak fanmi w te founi konsantman oswa si w ap aplike pou sèvis inisyal yo, pral founi sèvis entèvansyon bonè yo kip a nan dispit dapre li otorize sou Plan Sipò Fanmi Endividyalize (IFSP) w. Yon desizyon ki fèt nan yon odyans san patipri se final, eksepte ke pati a kapab prezante yon aksyon sivil. Sa a dwe fèt nan yon tribinal federal oswa leta nan lespas 90 jou depi desizyon san patipri a. Nan yon aksyon sivil, tribinal la dwe resevwa dosye odyans san patipri yo, tandè prèy adisyonèl dapre demann yon pati, epi akòde soulajman ke tribinal la detèmine apwopriye, baze sou predominans prèy la.

Epitou paran yo gen dwa, pwosedi, ak resous solisyon yo disponib dapre Konstitisyon an, Lwa Individuals with Disabilities Education Act (IDEA), Tit V nan Rehabilitation Act an, ak lòt lwa federal yo k ap pwoteje dwa timoun andikape yo.